



16 DAYS OF ACTIVISM AGAINST GENDER VIOLENCE
16 DÍAS DE ACTIVISMO CONTRA LA VIOLENCIA DE GÉNERO
16 JOURS D'ACTIVISME CONTRE LA VIOLENCE DE GENRE
25 NOV - 10 DEC <http://16dayscwgl.rutgers.edu>



Mazuva gumi nematanhatu ekuratidzira pamusoro pemhirizhonga kuvanhukadzi

Kubva murunyararo mumba kusvika murunyararo pasi rose:

Ngatirwisei kushandiswa kwechisimba (hugandanga) nekupedza mhirizhonga kuvanhukadzi!

Chirongwa chemazuva gumi nematanhatu chirikupfuurira mberi muna2012 nedingindira repasi rose rinoti: **Kubva murunyararo mumba kusvika murunyararo pasi rose: Ngatirwisei kushandiswa kwechisimba (hugandanga) nekupedza mhirizhonga kuvanhukadzi!** Gore rino nderechitatu tichiratidzira pamusoro pekuenderana kwemhirizhonga kuvanhukadzi nekushandiswa kwechisimba (hugandanga). Kuburikidza netsvakiridzo kubva kumapoka nevanhu vatirikushanda pamwechete navo, veCenter for Women's Global Leadership (CWGL), seboka ririkutungamira chirongwa ichi pasi rose, tirikupfuurira mberi nekukurudzira kurwiswa kwekushandiswa kwechisimba (hugandanga) nekutsvakiridza zvirongwa zvemagariro nehupfumi zvinokurudzira mhirizhonga kuvanhukadzi.

Kushandiswa kwechisimba (hugandanga) kurikuramba kuri chikonzero chikuru chemhirizhonga kuvanhukadzi. Senzira inokonzera tsika yekutya, kushandiswa kwechisimba kunokurudzira mhirizhonga, hukasha, nekupindira kwemauto pakugadzirisa kusawirirana uye kumanikidzira zvinangwa zvinechekuita nehupfumi nematongerwe enyika. **Magumo ekushandiswa kwechisimba akadzama, achibata mararamiro, mapoka akamisikidzwa, magariro uye mafungiro munharaunda dzedu.** Kushandiswa kwechisimba kunokurudzira hunhu hwemhirizhonga muvanhurume, nekuonesa mhirizhonga senzira yakanaka yekugadzirisa matambudziko. **Kushandiswa kwechisimba kune mhedziro yakaipa pakuchengeteka nekusununguka kwenharaunda yedu, kusanganisira vanhukadzi, vana uye vanhurume.** Kubva kumhirizhonga pabonde (chibharo) mukurwisana kusvika mukuwanda kwepfuti dzekutambisa dzevana, kushandiswa kwechisimba kunechekuita nenzira yatinotarisa nayo vanhukadzi nevanhurume, mhuri dzedu, vavakidzani, hupenyu pavanhu, uye dzimwe nyika.¹

Mugore ra2011 boka repasi rose ravanamazvikokota rakawana nharungano shanu dzakakosha kubva mudingindira repasi rose. Dzinoti: (i) mhirizhonga pamusoro pevanhukadzi inechekuita nematongerwe enyika; (ii) kuwandisa kwezvombo zvidiki nekushandiswa kwazo pamhirizhonga mudzimba; (iii) mhirizhonga pabonde (chibharo) panguva nemushure mekurwisana; (iv) kushandiswa kwemajinda enyika kukurudzira mhirizhonga pabonde nekuvanhukadzi; ne (v) basa revanhukadzi, runyararo, uye mapoka ezvekodzero dzevanhu mukurwisa hukama pakati pekushandiswa kwechisimba nemhirizhonga kuvanhukadzi.

Tichivakiridza kubva kunezvakanikwa nevataishanda navo muchirongwa cha2011,² gore rino chirongwa chemazuva gumi nematanhatu chichatarisisa nharungano nhatu kubva mudzishanu idzi:

1. Mhironzonga inokonzerwa nemajinda enyika: Hurumende nemajinda enyika vanoshandisa mhirizhonga kuzadzisa zvinangwa zveumatongerwe enyika vachishandisa maitiro echigandanga (chiuto) nekukosha kwe "kuchengetedzeka kwenyika" sechikonzero chekuita mhirizhonga nekutyisidzira senzira "yekuchengetedzeka". Mumhirizhonga inechekuita nekushandiswa kwechisimba, vanhu varipanzvimbo dzekutonga vanofunga kuti vanokwanisa kupara mhosva pamadiro/pasina kutongwa, zvinova zvinoratidzwa nekuwanda kwemhirizhonga dzepabonde (zvibharo) muchiuto, kutyisidzirwa nemapurisa kwevanhukadzi vanomhangara nyaya dzemhirizhonga kana kurohwa, kushungurudzwa kwakaendera nekuvhundutsirwa, kumanikidzwa "kutariswa humhandara" kwevapikisi vechidzimai, uye mhirizhonga kuvanhukadzi vanogara nekushanda pedyo nemakamba emauto. Vanhu vanorwira kodzero dzevanhukadzi panyaya dzinechekuita nekodzero paupfumi, hukama nemagariro nevamwe, nemaitiro, uye kodzero dzemararamiro nematongerwe enyika navo vakatariswa. **Kushaikwa kwetsanganudzo munyika uye kusatongwa kwevapari vemhosva dzemhirizhonga pabonde nekuvanhukadzi kunoramba kuri dambudziko huru mukupedza kushandiswa kwechisimba pasi rose.**

2. Mhirizhonga yemudzimba nekushandiswa kwezvombo zvidiki: Mhirizhonga yemudzimba, inova nharungano

yaratidzirwa pamusoro payo kwenguva refu nemapoka evanhukadzi, irikuramba ichionekwa munyika dzose dzepasi rino. Zvinofungidzirwa kuti vanhukadzi vazhinji pasi rose vanoitirwa mhirizhonga nevadiwa vawo paneimwe nguva muhupenyu hwavo.³ Mhirizhonga iyi inonyanya kuanengozvi kana zvombo zvidiki (zvakaite sepfuti, mapanga nezvimwewo) zvikanikwa mumba, sezvo zvichizokwanisa kushandiswa kutyisidzira, kukuvadza kana kuuraya vanhukadzi pamwe nevana. **Zvombo zvidi hazvikonzere chete mhirizhonga kuvanhukadzi, asi zvinokurudzira humhirizhonga muvanhurume.** Zvisinei nemamiriro ezvinhu (mukurwisana kana murunyararo), kuvapo kwepfuti kunemhedzisiro imwechete: **kuwanda kwepfuti kuwanda kwengozi kuvanhukadzi.** Naizvozvo, gore rino tirikupfuurira mberi nekutarisa kushandiswa nekuwanda, kwezvombo zvidiki nebase razvinoshanda mukukurudzira mhirizhonga kuvanhukadzi, zvikuru sei mhirizhonga mudzimba. Nyangwe zvazvo paine bundutso, kuburikidza nekushandurwa kwemirawo nemaitirwo ezvinhu, mapoka mazhinji evanhukadzi arikuramba achishanda panyaya yakakosha iyi.

- 3. Mhirizhonga pabonde (chibharo) panguva nemushure mekurwisana:** Mhirizhonga pabonde (chibharo) panguva nemushure mekurwisana inoshandiswa kusimbisa musiyano pakati pavanhukadzi nevanhurume uye zvidanho mumatongerwe enyika. Inoshandiswa zvakaite senzira yekuisa kutya, nekunyadzisa uye kuranga vanhukadzi, mhuri dzavo uye nharanda dzavagere. Pamakore apfuura mhosva yemhirizhonga pabonde yangaichitarisira **asi irikuramba ichidziva kusununguka nemagariro akanaka evanhukadzi,** sezvo ichikonzera kubaikana panyama, papfungwa nepamagariro. Kusagadzika nekusachengetedzeka kunounzwa nekurwisana nezvombo kunokonzera kunyanya kwemhirizhonga kuvanhukadzi kuchiita kuti mhirizhonga inyanyise, ipararire uye ityise nekuipa zvikuru. Nyangwe kurwisana 'kunoonekwa' kwazopera, mhirizhonga pabonde inogona kuenderera mberi zvakananyanya mudzimba nemunharanda kana kushandiswa kwechisimba kusina kupera. **Mapoka mazhinji evanhukadzi akatsimbirira kunyepera kusiyana kwaita mazwi ekuti "kurwisana" ne "mushure mekurwisana", achiti kushandiswa kwechisimba mumhirizhonga kuvanhukadzi kunoenderera mberi nyangwe hondo yapera.**

Chirongwa chemazuva gumi nematanhatu chegore rino chinopa mukana kwatiri sevarwiri vekodzero dzevanhukadzi kuti titarisise kuti tingaiti kurovedzera hurumende dzedu nekurwisa zvimisikidzo zvinotendera kuenderera mberi kwemhirizhonga kuvanhukadzi. Senguva dzose, CWGL inokurudzira vabati kushandisa chirongwa chemazuva gumi nematanhatu kuongororesa nharungano dzinechekuita nenzvimbo dzavanogara. Kubatirana pamwechete muchirongwa ichi hakupi chete mukana wekuratidzira kana kuzivisa vazhinji kuipa kwemhirizhonga kuvanhukadzi, asi kunoita kuti tisimudze mazwi edu pamwechete neevanhukadzi varikudzimwenzvimbo kana nyika. Naizvozvo hurumende dzedu dzinebase rekupindura, kuchengeta uye kudzivirira.

Pamusoro pechirongwa chemazuva gumi nematanhatu

Mazuva gumi nematanhatu ekuratidzira pamusoro pemhirizhonga kuvanhukadzi chirongwa chepasi rose chinozvipira kupedza mhirizhonga kuvanhukadzi. Boka reCenter for Women's Global Leadership ndiro rinotungamira chirongwa ichi pasi rose. Chirongwa ichi chinotanga musi wa 25 Mbudzi, rinova zuva rekuparadzwa kwemhirizhonga kuvanhukadzi pasi rose (International Day for the Elimination of Gender-Based Violence); chichipera musi wa 10 Zvita, zuva rekodzero dzevanhu (Human Rights Day). Mazuva aya akasarudzwa kutsikirira kuti mhirizhonga kuvanhukadzi kukanganisa kodzero dzevanhu. Chirongwa ichi chirikubudirira nekuda kwekuratidzira kwemamiriyoni evanhukadzi nemakumi ezviuru emapoka pasi rose, vakazvipira kupedza mhirizhonga kuvanhukadzi.⁴

Mbuva yekushandisa muna2012

CWGL irikugadzirisa mbuva yekushandisa muna2012, ichava iine zvinhu zvose zvingakubatsirai kuronga zvamuchaita pachirongwa chenye chemazuva gumi nematanhatu. Mbuva iyi ichange ichiwanikwa mundimi dzose kutanga munaNyamavhuvhu. Varikubata panyaya iyi vanokwanisa kuenda pa(<http://16dayscwgl.rutgers.edu>) pavachawana mbuva iyi. Muve nechokwadi chekuti maisawo zviitiko zvenyu pakarenda redu rechirongwa repamhepo. Tatenda!

Nzira dzekuramba takabatana uye kudzida zvazhinji

- Webhusaiti yechirongwa chemazuva gumi nematanhatu: <http://16dayscwgl.rutgers.edu>
- Tumirai uye tsvagai zvirongwa pakarenda redu repamhepo: <http://16dayscwgl.rutgers.edu/campaign-calendar>
- Batirana nesu paungano yemazuva gumi nematanhatu: https://email.rutgers.edu/mailman/listinfo/16days_discussion
- PaFacebook: <http://www.facebook.com/16DaysCampaign>
- PaFlickr: <http://www.flickr.com/photos/16dayscampaign>
- PaTwitter: https://twitter.com/#!/CWGL_Rutgers
- 16 Days Twitter hashtag: #16days
- PaYouTube: <http://www.youtube.com/user/CWGLRutgers>
- Titumirei tsambambozha (email) chero nguva! 16days@cwgl.rutgers.edu

Translated by Patience Gumbo, sub editor, 3S Media, South Africa

¹ Center for Women's Global Leadership. 2011. "Intersections of Violence Against Women and Militarism Meeting Report." <http://www.cwgl.rutgers.edu/resources/publications/gender-based-violence/388-intersections-of-violence-against-women-and-militarism-meeting-report-2011>.

² Center for Women's Global Leadership. 2012. "16 Days of Activism Against Gender Violence: Analytical Summary." <http://16dayscwgl.rutgers.edu/previous-years/2011/16-days-analytical-summary-2011>.

³ World Health Organization. 2005. "WHO Multi-Country Study on Women's Health and Domestic Violence against Women: Initial Results on Prevalence, Health Outcomes and Women's Responses." http://www.who.int/gender/violence/who_multicountry_study.

⁴ Center for Women's Global Leadership. 2012. "16 Days of Activism Against Gender Violence: Analytical Summary." <http://16dayscwgl.rutgers.edu/previous-years/2011/16-days-analytical-summary-2011>.